# लइकन खातिर बाइबिल प्रस्तुति

प्रस्तुतकर्ता



# धनवान आदमी, गरीब आदमी


लेखक: Edward Hughes

ब्याख्याकर: M. Maillot; Lazarus

अनुवादकः सुरेश मसीह

अनुकूलित: M. Maillot; Sarah S.


कहानी 44 से 60


**www.M1914.org**

***Bible for Children,*** PO Box 3, Winnipeg, MB R3C 2G1 Canada



अनुज्ञापत्रः आप ए कहानीन क छाया प्रति मुद्रण करा सकीं ला बशर्ते की आप ओके बेचब ना।


Bhojpuri

यीशु धार्मिक अगुवन में से कई लोगन के जानत रहलन जे परमेश्वर से ज्यादा पइसा के अधिक पीयार करत रहलें। उ उनसे दूगो लोगन की स्थिति की बारे में बतवलन कि परमेश्वर से ज्यादा धन से लगाव रखल केतना ब्यर्थ हअ।



1

स्वर्ग में परमेश्वर की साथ क जीवन कवनो धनवान आदमी खरीद ना सकेला।



2


एगो अमीर आदमी रहल
जेवन बहुत महंगा अउर
सुंदर कपड़ा पहिनत रहल।
उ एगो राजा की तरह
कपड़ा पहिनत रहल।
3


अमीर आदमी बहुत बढ़ियाँ खाना खात रहल। हर समय क
भोजन एगो बड़ दावत की तरह रहल। ओकरी पास एतना पइसा
रहल की उ जब जेवन चाहे, खरीद सकत रहल, चाहे शुबह क
नास्ता, दूपहर अउर शाम क खाना या
खाली समय में खाये
वाला नास्ता।
4


अमीर आदमी की घर की फाटक पर एगो गरीब, बीमार, भूख से
मरत भिखारी रहत रहे। ओकर नाम लाजर रहल।
5


गरीब लाजर घाव से भरल रहे। हो
सके ला कि उ एगो रोगी रहल। या हो
सकेला कि उ दूसरी लोगन द्वारा दिहल
चोट, अउर कटल निशान अउर घावन से
भरल रहल होइन। शायद उ, घाव से ए
खातिर भरल रहल होइहन काँहे से कि उ
दूध, सब्जी या मास की जइसन
बढ़ियाँ खाना ना खा
सकत रहलन।
6


लाजर भोजन की
खातिर तड़पत
रहलन। उ अमीर
आदमी की मेज
से गिरल जूठन
की टुकड़न से ही
खुश हो जात
रहलन।
7


आवारा कुकुर कबो कबो
ओ गरीब असहाय
भिखारी से रगड़त
रहलन सअ। उ
ओकरी आसपास
सूँघत अउर
ओकरी घावन के
चाटत भी रहलन
सअ। ईहाँ तक
की केहु भी ओकर
परवाह ना कइल,
लेकिन लाजर भूख
से मरत रहल।
8


एक सुबह, लाजर नींद से ना उठ पवलन। गरीब भूख से मरत, मित्रहीन भिखारी ए जीवन के छोड़ चुकल रहलन। लाजर मर गोइलन।
9


मरला की बाद लाजर खातिर ख़ुशी क पल आइल। यीशु स्वर्गदूतन के आज्ञा दिहलन कि ओके इब्राहीम की साथ रहे खातिर उनके ले जा लोग। परमेश्वर लाजर के शान्त्वना दिहलें।
10


अब अमीर आदमी क भी मृत्यु हो गोइल। ओकर सारा पइसा ओकरी जीवन के ना बचा सकलस। जब मउवत आवे ला तब, केहु भी ओके रोक ना सके ला।
11


अमीर आदमी के दफनावल गोइल। शायद ई एगो बड़ अंतिम संस्कार समारोह रहल। शायद लोग अमीर आदमी के होशियार अउर सफल होखे खातिर के बहुत प्रशंसा भी कइले होइहन। लेकिन ओ सब क प्रशंसा भी उनकरा मदद ना कइलस। अमीर आदमी अब नरक में रहलन।
12


नरक में, अमीर आदमी चिल्लइलन, "हे पिता इब्राहीम, लाजर के भेजी ताकि उ पानी में अपनी अंगुरी क छोर डुबाके हमरी जीभ पर रखें ताकि हम शांत हो सकीं; काँहे से कि हम ए आग में तड़प रहल बानी।"
13


"इब्राहीम अमीर आदमी के याद दियवलन," पृथ्वी पर की जीवन में तोहरी पास सब कुछ रहल अउर लाजर की पास कुछ भी ना रहलन। "अब लाजर के शान्ति अउर तोहके तड़पे के बा; हमनी दूनो की बीच महान खांयी के केहु भी पार ना कर सके ला।"
14













धनवान आदमी, गरीब आदमी

पबितर बाइबिल, परमेश्वर की वचन में से
ई कहानी लीहल गइल बा

लूका 16

"तोहरी बातन की खुलला से उजियार होला"
भजन संहिता 119:130

ईश्वर जानेलन कि हमनी के बुरा करम कइले बानी जा जेकरा के उ पाप कहेलन । पाप के दण्ड मौत ह।

ईश्वर हमनी के एतना प्यार करेलन कि उ आपना एक मात्र बेटा यीशु के घरती पर भेजलन कि उ क्रूस पर मर जास आ हमनी के पाप के दण्ड अपने चुकावसु । यीशु जीगइलन आ परलोक गइलन । अब ईश्वर हमनी के पाप क्षमा कर सकेलन ।

यदि रउआ भी अपना पाप से दूर होखल चाहतानी ईश्वर से इ बात कही : हे प्रियवर यीशु हम विश्वास करीना कि यीशु हमनी खातीर मर गइलन आ अब जीवित बाडन । मेहरबानी करके रउआ ा हमरा जीवन मे आ जाईं अउर हमरा पाप के क्षमा दीही ताकि हमरा के नया जीवन मिल सको । अउर हम हमेशा रउरा संगे रह सकी । हमरा के रउआ मदद करी कि हम राउर बच्चा के तरह रउरा खातीर जी सकी आमीन ।

हमनी के बाइबिल पढीजा आ रोज दिन ईश्वर से बात करीजा !